

Kontinye Jwenn Pwoteksyon Pandan Tout Ane a

Kounye a ke ou enskri nan asirans sante, asire w kenbe li.

Asirans sante enpòtan paske li garanti tout bezwen w pou sante, tankou medikaman ak swen pou VIH, swen prevantif gratis, sejou lopital ak sèvis pou moun ki pran alkòl ak dwòg ak pou sante mantal. Gid sa a gen ladann tout sa w ou bezwen fè pou kontinye jwenn pwoteeksyon pandan tout ane a.

Peye prim yo san reta.....	2
Deklare revni ak chanjman nan moun ki rete lakay ou	4
Kisa pou w fè si ou pèdi pwoteksyon w.....	6

KONSÈY

Menmsi ou gen asirans sante, rete an kontak ak manadjè dosye Pwogram Ryan White ou an. Li kapab ede w rete enskri nan ADAP epi jwenn aksè nan èd finansyè pou asirasn ak pou sèvis Pwogram Ryan White la tankou transpò ak sipò pou lojman.



Peye prim yo san reta

Asire w prim ou an peye nèt nan dat li dwe a oplita. Pale ak manadjè dosye w lan oswa asistan enskripsyon an pou asire w ou okouran de sa ki annapre a:

Kijan yo peye prim la?

Yo peye prim yo chak mwa. Konpayi asirans ou pral voye w bòdwo a. Ou gendwa ka bezwen peye bòdwo a oumenm. Nan sèten ka, ADAP oswa yon lòt founisè Pwogram Ryan White pral peye bòdwo a. Pale ak manadjè dosye w lan konsènan kimoun ki responsab pou peye bòdwo a.

- Si ou pa resevwa yon bòdwo nan yon mwa aprè ou fin enskri, rele konpayi asirans ou an. Monte sou kont Marketplace ou an pou jwenn nimewo telefòn konpayi asirans lan.

Kisa mwen bezwen fè si m ap resevwa asistans finansyè nan men Pwogram Ryan White lan?

- Voye yon kopi premye bòdwo w bay Pwogram Ryan White lan kou ou resevwa l. Pwogram Ryan White lan gendwa travay dirèkteman ak konpayi asirans ou an pou asire l èd finansyè ou resevwa a ale dirèkteman pu peye bòdwo w lan.
- Voye yon kopi bòdwo a chak fwa montan ki dwe a chanje.
- Pote yon kopi dènye bòdwo w lan lè w ap kontre ak manadjè dosye w lan pou ou kapab re-sètifye pou jwenn asistans asirans pou ADAP oswa Pwogram Ryan White lan.

Konbyen montan prim mwen an ye?

- Konpayi asirans w lan pral voye w yon bòdwo ak montan



KISA PRIM (KOTIZASYON) VLE DI?

Kantite lajan ou peye pou yon plan asirans sante. Yo dwe peye prim la chak mwa.



KONSÈY

Konpayi asirans ou pral voye bòdwo prim la menmsi gen yon lòt moun k ap ede w peye pou prim la.



KONTINYE JWENN PWOTEKSYON PANDAN TOUT ANE A

prim ou dwe a.

- Pa bliye peye montan kòrèk la. Prim ou gendwa chanje si ou deklare yon chanjman nan revni w oubyen nan kantite moun ki rete lakay ou.

Kilè prim la dwe?

Pifò prim yo dwe anvan yon sèten dat pou chak mwa.

Ou dwe peye premye prim la anvan fen premye mwa pwoteksyon ou an chak ane. Pa egzanp, si asirans ou an kòmanse nan dat 1ye fevriye, premye prim mansyèl ou an dwe peye anvan fen mwa fevriye.

Kisa ki pral rive si mwen rate yon peman?

Si ou panse ou gendwa rate yon peman pou prim yo, kontakte ADAP oswa manadjè dosye w lan touswit. Si yon prim pa peye alè, ou pral resevwa yon avi nan men konpayi asirans ou an epi asirè w lan gendwa kanpe pwoteksyon w lan. Si pwoteksyon lan fini, konpayi asirans lan dwe voye w yon korespondans pou fè w konnen sa.



KISA YON PERYÒD DE GRAS YE?

Yon peryòd tan ki kout aprè prim la kòmanse dwe lè ou kapab fè yon peman san ou pa pèdi pwoteksyon w. Chak Eta gen pwòp règ pa yo konsènan peryòd gras yo. Kontakte konpayi asirans ou pou jwenn plis enfòmasyon osijè peryòd gras yo.



Peryòd de gras espesyal pou moun ki resevwa yon Kredi Taks Kotizasyon Antisipe (Advance Premium Tax Credit, APTC)

- Yon APTC se yon kredi taks pou bese prim mansyèl ou sou pwoteksyon grasa Marketplace. Marketplace voye lajan dirèkteman bay konpayi asirans ou an epi ou peye yon prim mansyèl ki pi ba.
- Pou jwenn si ou te resevwa yon APTC oubyen si ou kalifye pou youn, konekte nan kont Marketplace ou an epi gade nan “My Plans” (Plan mwen yo).
- Si ou resevwa yon APTC epi ou te peye omwens yon prim konplè pou yon mwa, ou gen yon peryòd de gras twa (3) mwa pou peye tout montan prim la. Peryòd gras la ap kòmanse nan premye jou nan mwa prim la te dwe.

Deklare revni ak chanjman nan moun ki rete lakay ou

Ou ta dwe deklare Marketplace la nenpòt chanjman nan revni w oswa evènman grav nan lavi w rapid jan sa posib pou w asire w w ap kontinye resevwa bon pwoteksyon an pou yon pri ki konvnan. Chanjman sa yo gendwa afekte kalifikasyon ou pou pwoteksyon oubyen pou èd finansyè. Notifye nenpòt chanjman nan revni oswa evènman grav nan lavi w bay Marketplace la nan 30 jou. Menmsi gen plis pase 30 jou ki pase, toujou deklare chanjman an.

Ki kalite chanjman mwen dwe deklare?

Chanjman nan **kantite moun ki rete lakay ou**, tankou si w ap marye ouyen divòse, ou pral deplase nan yon lòt Eta ak si w fenk gen yon pitit oubyen ou te adopte yon timoun.

Chanjman nan **revni**, tankou pèdi yon djòb, resevwa yon ogmantasyon salè oubyen travay plis oswa mwens èdtan, pou w oswa nenpòt moun lakay ou.

Kisa ki rive lè mwen deklare chanjman yo?

Marketplace pral voye w yon nouvo lèt kalifikasyon ki esplike:

- Si ou kalifye pou yon Peryòd Enskripsyon Espesyal ki otorize w pou chanje plan (anjeneral 30 a 60 jou aprè evènman grav lavi w ki deklare a), **oswa**
- Si gen yon ogmantasyon oubyen yon bèss nan kantite asistans finansyè ou resevwa nan Marketplace, **oswa**
- Si ou kalifye pou yon lòt pwoteksyon diferan, tankou Medicaid.

Kijan mwen kapab deklare chanjman bay Marketplace la?



Ou gendwa deklare chanjman nan Health Insurance Marketplace nan twa (3) fason: anliy, nan telefòn oubyen fas-a-fas—men pa nan yon korespondans nan kourye lapòs. Si manadjè dosye w lan oubyen yon asistans enskripsyon te ede w aplike, yo kapab ede w deklare chanjman yo.

Jwenn plis enfòmasyon:

www.healthcare.gov/reporting-changes/how-to-report-changes



KISA YON PERYÒD ENSKRIPSYON ESPESYAL YE?

Yon peryòd tan andeyò Peryòd Enskripsyon Lib la lè yon moun kapab enskri nan Marketplace oswa pou yon asirans sante yo jwenn nan travay la.

Jwenn plis enfòmasyon:

www.healthcare.gov/glossary/special-enrollment-period/

Kisa ki pral rive si mwen pa deklare chanjman yo?

Si revni kay ou pi ba pase sa ou te deklare okòmansman:

Ou gendwa rate opòtinite pou jwenn plis asistans finansyè, tankou kredi taks pou prim.

Si revni moun lakay ou pi wo pase sa ou te deklare:

Ou gendwa pral dwe repeye enpe nan asistans finansyè, lè w ap deklare taks ou yo.

Si Marketplace la detekte yon chanjman nan revni w oswa yon evènman lavi ki grav, ou gedwan resevwa yon korespondans osijè chanjman nan kalifikasyon w pou jwen pwoteksyon ak asistans finansyè.

E si mwen transfere soti nan Marketplace antre nan Medicaid?

Si revni w bese anba yon sèten nivo, ou gendwa kalifye pou Medicaid nan plas yon plan Marketplace. Si revni w ogmante, ou gendwa pa kalifye ankò pou Medicaid. Se pa oumenm k ap chwazi ant pwoteksyon Medicaid oswa Marketplace la.

- Ou pral resevwa yon korespondans nan men Marketplace epi/oswa Medicaid, si kalifikasyon ou vin chanje.
- Deklare enfòmasyon yo bay manadjè dosye w lan touswit epi pale konsènan sèvis sante, founisè ak depans yo ki garanti dapre nouvo plan w lan.
- Si w ap resevwa yon kredi taks sou prim nan men Marketplace la epi ou janbe nan Medicaid pandan menm ane pwoteksyon sa a, w ap oblije repeye kredi taks pou prim la sèlman pou mwa aprè ou te vin kalifye pou Medicaid.



KISA YON KREDI TAKS POU PRIM KOTIZASYON (PTC) YE?

Yon kredi taks pou prim ap bese montan prim asirans sante yo pou moun revni yo kalifye. Peman antisipe kredi taks la kapab itilize touswit pou ede bese montan prim yo peye pou asirans sante yo achte atravè Marketplace la.

KONSÈY

Direktiv konsènan kalifikasyon pou Medicaid diferan nan chak Eta.

Si ou abite nan yon Eta ki pa t etann pwogram Medicaid li epi revni w pi ba pase nivo povrete federal la, ou gendwa kalifye pou Medicaid men ou pa touche ase pou kalifye pou yon kredi taks pou prim nan Marketplace. Pale ak manadjè dosye w lan konsènan resous yo pou ede w jwenn swen ou bezwen an.

Kisa pou w fè si ou pèdi pwoteksyon w

Pale ak manadjè dosye w lan touswit.

Si ou pèdi pwoteksyon ou paske ou pa t peye prim ou an, ou p ap kapab re-enskri jiska pwochen Peryòd Enskripsyon Lib la.

Lè ou re-enskri, ou gendwa genyen pou repeye prim ou te manke yo. Sa gendwa fè bòdwo a vin wo anpil. Si ou pèdi pwoteksyon asirans pou lòt rezon, paske ou marye oubyen ou divòse, ou ale nan yon lòt Eta oubyen ou fenk gen yon tibebe, ou gendwa kapab re-aplike pandan yon Peryòd Enskripsyon Espesyal (SEP). SEP an dire anjeneral ant 30 a 60 jou apatide dat chanjman grav nan lavi w lan te rive.

- Asire w ap gen kont medikaman VIH. Pale ak manadjè dosye w lan pou jwenn yo epi/oswa manadjè dosye w lan pou jwenn yo medikaman pou kèk mwa, si posib. Asire w o kounye a nan ADAP.
- Pwogram Ryan White la gendwa ede w konb nan laswenyaj VIH la jisakse ou kapab jwenn sante ki satisfè bezwen ou yo.
- Fè yon plan pou w kapab genyen pwoteksyon ankò. Chèche jwenn si ou kalifye pou yon Pe Enskripsyon Espesyal oubyen si ou dwe tann pwochen Peryòd Enskripsyon Lib la.

KONSÈY

Si ou pa vle kontinye enskri nan plan w lan, kontakte konpayi asirans ou san pèdi tan. Si ou kanpe peman prim yo san ou pa anile plan w lan, ou gendwa pa kapab enskri nan sèten plan pi devan.





ACE TA Center la ede founisè Pwogram VIH/SIDA Ryan White la enskri divès kliyan nan asirans sante. Pou jwenn plis enfòmasyon, al gade nan: www.targethiv.org/ACE

Se JSI Research & Training Institute, Inc. ki te pare dokiman sa a epi se Administrasyon Resous ak Sèvis Sante (Health Resources and Services Administration, HRSA) ki nan Depatman Etazini Sèvis Sante ak Imen (U.S. Department of Health and Human Services, HHS) ki te sipòte li dapre Sibvansyon #UF2HA26520, Sipòte Kontinyasyon Swen: Ranfòse Kapasite Benefisyè Sibvansyon Pwogram Ryan White pou Enskri Kliyan ki Kalifye nan Pwogram Pwoteksyon Sante ki Bon Mache (Supporting the Continuum of Care: Building Ryan White Program Grantee Capacity to Enroll Eligible Clients in Affordable Care Act Health Coverage Programs) yo. Enfòmasyon oubyen kontni ak konklizyon sa yo se otè a sèlman ki fè yo epi yo pa ta dwe entèprete yo kòm pozisyon oswa politik ofisyèl, ni sipoze ke se yon apwobasyon HRSA, HHS oubyen Gouvènman Etazini ap bay.

